

Nama :

Kelas :

Hujan Angin

Rorompok teh luhurna dicor. Niat Bapa upami gaduh biayana kanton ningkatkeun janten dua lante. Sementawis mah lante dua teh dianggo pamoean sareng pepelakan kembang dina pot. Lega keneh di luhur teh, nya sok diangge amengan.

Dinten Minggu Kamari, ti enjing – enjing dugi ka siang. Bapa teu lungsur – lungsur ti lante dua. Ngadamel sasaungan! Tihangna ku awi tilas bandera. Hanteup sareng pipidingna ku sarung sareng sinjang kebat. Paranti abdi upami anjang – anjangan, papasakan, atanapi botram sareng rerencangan. Sangkan teu kapanasan! Saur Bapa.

“Pami hujan, kumaha Pa?” abdi naros.

“Hujan mah nya ngampih we,”saurna bari gumujeng

Jam satengah hiji ngadamel saung sarung teh nembe rengse. Dicobian teh caralik di lebet saung, muhun we raoseun. Sabage pembukaan, abdi, Mamah, Bapa sareng Aa ngadon botram di dinya. Resep asa gaduh bumi alit.

Jam satengah tilu, diluar langit angkeub, terus pras – pris. Abdi ge nu tiluan enggal kaluar tina saung, teras tarurun. Gebret teh hujan kacida ageungna disarengan angin ngagelebug. Abdi ngaraos ketir sareng hariwang. Sieun bilih suhunan bumi kacandak angin nu kacida ageungna.

Abdi mah ngahuleng we. Inggis sasaungan di luhur ancur ku hujan angin. Berebet brug – brug ! kakuping di luhur nu ngaberebet ditungtungan ku tinggelebug.

“Boa saung,Pa!”ceuk abdi

“Teuing atuh,”Bapa ge ngahuleng.

Satengah genep sonten, hujan raat. Opatan naek ka lante dua. Ditingal teh saung tos teu aya di tempat, nyampak ngajengjehe dina suhunan bumi tatangga!

Abdi opatan aralohok bari silih pelong. Ahirna mah ageran – ageran saleuseurian. Saung sarung direreyang diturunkeun. Kenteng tatangga langkung ti sabelas pareupeus, kapaksa digentosan. Abdi mung tiasa ngucapkeun”Aaaaaaahhhh....Hujan angin....”mugia we teu kajantenan deui aya hujan angina.

Ngajawab pananya

1. Dianggo naon lante dua rorompok teh?
.....
2. Nuju ngadamel naon bapa di lante dua?
.....
3. Kanggo naon Bapa ngadamel sasaungan?
.....
4. Mimitina dianggo naon waktos sasaungan nembe rengse?
.....
5. Ku naon abdi ngaraos ketir sareng hariwang?
.....
6. Jam sabaraha hujan teh raatna?
.....
7. Ku naon sasaungan teh ngajengjehe dina suhunan tatangga?
.....
8. Ku naon abdi opatan arolohok bari silihpelong?
.....
9. Nyaleungseurikeun naon kulawarga abdi?
.....
10. Aya sabaraha siki kenteng tatangga anu pareupeus?
.....